

Piblikasyon sa a gen enfòmasyon apati 12 fevriye 2021 ladan li.  
Tanpri ale sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) tou.



**ENPÒTAN**

- Ranpli deklarasyon taks ou pou ane 2020 an avan 15 avril 2021 pou mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon si w pa te benefisye ni premye ak dezyèm pati Peman pou Aktivite Ekonomik (peman ankourajman) lan. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale gade nan paj 2,4 ak 5 lan.
- Fason ki pi apid epi ki gen plis sekirite pou resevwa peman ou an se nan depo dirèk.

## Kisa Ou Dwe Konnen konsènan Dezyèm Pati Peman pou Aktivite Ekonomik yo ak Kredi Ranbousman Rekiperasyon

Selon Lwa ane 2021 an sou Kredi Sipleman tè pou Lite Kont Kowonaviris epi Ede viktim yo, fanmi ak moun ki kalifye yo pral resevwa yon dezyèm pati Peman pou Aktivite Ekonomik yo (EIP oswa peman ankourajman) nan kourye lapòs (chèk oswa kat debi) oswa depo dirèk sou kont yo gen labank. Pifò benefisyè yo pa bezwen fè anyen. Gade anba la a pou w jwenn enfòmasyon.

### Kalifikasyon ak Kantite Lajan pou Dezyèm pati a

Kalifikasyon	Kantite Lajan – Selibatè	Kantite Lajan – De Moun (koup)
Pou ou kalifye, ou dwe: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon sitwayen Ameriken, rezidan ki estab, oswa yon etranje ki gen rezidans.</li> <li>• Genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) ki valid.</li> <li>• Genyen yon Revni Brit Korije (Adjusted Gross Income, AGI) pandan ane 2020 an ki mwens pase:               <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ \$87,000 (yon grenn moun)</li> <li>▪ \$174,000 (koup)</li> </ul> </li> </ul>	AGI jiska \$75,000: <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$600</b></li> </ul> AGI ant \$75,001 ak \$87,000: <ul style="list-style-type: none"> <li>• \$5 an mwens pou chak \$100 pi wo pase \$75,000</li> </ul> <b>Remak:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Yon lòt \$600 pou chak timoun ki sou kont ou ki gen mwens pase 17 lane.</b></li> <li>• Selibatè ki gen <i>timoun sou kont</i> yo k ap touche plis pase \$87,000 kapab toujou kalifye.</li> </ul>	AGI jiska \$150,000 <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$1,200</b></li> </ul> AGI ant \$150,001 ak \$174,000: <ul style="list-style-type: none"> <li>• \$5 an mwens pou chak \$100 pi wo pase \$150,000</li> </ul> <b>Remak:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Yon lòt \$600 pou chak timoun ki poko gen 17 lane ki sou kont ou</b></li> <li>• Moun ki an koup ki gen <i>timoun sou kont</i> yo k ap touche plis pase \$174,000 kapab toujou kalifye.</li> </ul>
Pou ou kalifye, ou pa dwe: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare ou antanke yon depandan nan deklarasyon taks yon lòt moun.</li> </ul>	Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$350 (\$80,000 AGI)</b></li> <li>• <i>Verifye pi wo a konsènan timoun ki poko gen 17 lane ki sou kont ou</i></li> </ul>	Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$950 (\$155,000 AGI)</b></li> <li>• <i>Verifye pi wo a konsènan timoun ki poko gen 17 lane ki sou kont ou</i></li> </ul>
Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <a href="http://irs.gov/coronavirus/second-eip-faqs">irs.gov/coronavirus/second-eip-faqs</a>	Pou verifye estati peman an, vizite <a href="http://irs.gov/eip">irs.gov/eip</a>	

**Remak:**

Si ou deklare yon timoun ki gen plis pase 17 lane ki sou kont ou: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou <i>pa</i> benefisye \$600 pou timoun sa a ki sou kont ou an. EPI</li> <li>• Timoun sa a ki sou kont ou an <i>pa</i> benefisye yon peman jiska \$600.</li> </ul>	Yo <b>pa pral</b> : <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konsidere li antanke yon revni pou pran taks sou li.</li> <li>• Konte li antanke revni k ap detèmine si w kalifye pou resevwa avantaj tankou Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), ak lojman piblik.</li> <li>• Konte antanke resous pandan 12 mwa (pou resevwa avantaj piblik yo).</li> </ul>
---	---

## Nòt Enpòtan konsènan Premye ak Dezyèm Pati Peman Relans

Ou te resevwa Premye Pati Peman:	Ou Pa Te Resevwa yon Premye Pati Peman OSWA Ou Pa Te Resevwa yon Peman Konplè:
<p>Si ou te resevwa peman an nan depo dirèk, tanpri, sonje ou kapab <i>benefisye yon <b>dezyèm pati peman</b> pa lapòs yon lòt jan</i>; pa egzanp, chèk oswa Kat EIP (kat debi).</p> <p><b>Konsènan Kat EIP:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• W ap jwenn Kat EIP a nan yon anvlòp blan ki gen so Depatman Trezò Piblik Ameriken sou li.</li> <li>• Kat EIP gen non konpayi Visa devan epi non bank lan, ki se MetaBank®, nan do a.</li> <li>• W ap jwenn nan kourye a enstriksyon sou kijan pou aktive epi itilize Kat EIP a.</li> <li>• Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kat EIP an, tankou frè yo, ale vizite <a href="http://EIPCard.com">EIPCard.com</a></li> </ul>	<p>Ou kapab kalifye pou <i>toude peman ankourajman yo oswa nenpòt kantite lajan yo pa te fin peye nan premye pati a</i> pandan w ap fè demann Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan nan deklarasyon taks ou pou ane 2020 an. Ale gade nan paj 5 lan pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou sèvis <a href="#">NYC Free Tax Prep</a> yo.</p> <p><b>Kalifikasyon Elaji:</b></p> <p>Lwa ki gen rapò ak diminisyon COVID ki te vote nan mwa desanm 2020 an elaji règ kalifikasyon pou <b>peman premye pati</b> a. W ap kalifye kounya la si:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Ou se yon koup ki marye ki fè deklarasyon ansanm epi youn nan nou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN).</b> Madanm/Mari ki gen Nimewo Sekirite Sosyal lan kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou li resevwa:       <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ premye pati peman \$1,200 plis \$500 pou chak timoun ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal.</li> <li>▪ dezyèm pati peman \$600 plis \$600 pou chak timoun ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal.</li> </ul> </li> <li>• <b>Si w se yon koup militè epi youn nan nou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal.</b> Ou kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou w resevwa:       <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ premye pati peman \$1,200 pou mari/madanm ki pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal. (Otrèfw, se te sèlman mari/madanm militè ki gen Nimewo Sekirite Sosyal lan ki te konn resevwa peman an.)</li> </ul> </li> <li>• <b>Ou nan prizon.</b> Ou kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou w resevwa peman ankourajman (estimilis) an.</li> </ul>

Kontinye >

## Kiyès Ki Pral Resevwa yon Dezyèm Peman Otomatik

Ou pral resevwa yon dezyèm peman otomatik si ou:

- Reponn ak egzijans kalifikasyon revni a epi te ranpli deklarasyon taks ane 2019 ou an oswa te anrejistre pou premye pati peman gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo.
- Resevwa youn nan avantaj federal ki anba la epi ou pa oblije ranpli yon deklarasyon taks:
  - Konpansasyon ak avantaj Pansyon pou Veteran yo (Veterans Affairs, VA)
  - Avantaj Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) yo (*tankou retrèt ak Revni Sekirite Sosyal Andikap (Social Security Disability Income, SSDI)*)
  - Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI)
  - Avantaj Komisyon Konsèy Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB)
  - Avantaj pou Sivivan yo (VA, SSA, RRB)

IRS gen zouti ki pou ede w verifye estati peman ou an. Gade tablo ki anba la pou w jwenn konsèy.

Ou menm:	Mezi Ou dwe Pran:	Zouti pou Itilize:
Te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2019 lan oswa te anrejistre pou premye pati peman gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo.	Okenn	<a href="https://irs.gov/getmypayment">irs.gov/getmypayment</a>  Itilize zouti IRS Get My Payment pou kontwòle estati peman ou an.
Resevwa avantaj SSA, RRB, SSI, oswa Konpansasyon & Pansyon VA, pa oblije ranpli, ak genyen <u>okenn timoun depandan</u>	Okenn	
Resevwa avantaj SSA oswa RRB, li pa obligatwa pou ranpli, epi <u>genyen timoun depandan ki poko gen 17 lane</u>	<b>Si w pa te resevwa peman pou ane 2020 an pou timoun ki kalifye yo:</b>  Ou dwe ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2020 an avan 15 avril 2021 epi mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan.	
Ou pa oblije ranpli, ak <u>genyen okenn timoun depandan ki poko gen 17 lane</u> pou resevwa avantaj SSI, oswa Konpansasyon ak Pansyon VA yo.	<b>Si w pa te resevwa peman pou ane 2020 an pou timoun ki kalifye yo:</b>  Ou dwe ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2020 an avan 15 avril 2021 epi mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan.	

Kontinye >

## Kiyès Ki Pa Pral Resevwa yon Dezyèm Peman Otomatik

Ou PA pral resevwa yon dezyèm pati peman otomatik si w pa te ranpli deklarasyon taks ane 2019 lan oswa te anrejistre pou premye pati peman gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo. Gade tablo ki anba la pou w jwenn konsèy.

Ou menm:	Mezi Ou dwe Pran:	Èske Mwen ta Dwe Itilize Zouti IRS Get My Payment lan? <a href="https://irs.gov/getmypayment">irs.gov/getmypayment</a>
Etandone ou gen obligasyon pou ranpli oswa planifye pou ranpli yon deklarasyon paske w panse ou dwe taks oswa ap tann yon ranbousman epi ou pa te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2019 lan.	Ranpli deklarasyon taks ane 2020 ou an avan 15 avril 2021 pou resevwa yon peman ankourajman (estimilis).  Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York ( <b>NYC Free Tax Prep</b> ) nan paj 5 lan.	Non
<p>Pa abitye ranpli taks paske ou pa oblije ranpli yon deklarasyon† epi ou pa benefisye avantaj SSA *, RRB *, SSI *, oswa Konpansasyon &amp; Pansyon VA* yo.</p> <p>†Sa aplike pou moun ak fanmi ki kalifye ki te gen AGI pou ane fiskal 2019 lan te pi ba:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• \$12,200 (yon grenn moun)</li> <li>• \$24,400 (koup)</li> </ul> <p>*Verifye seksyon Kle ki anba la.</p>	<p>Ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2020 an avan 15 avril 2021 epi mande Kredi Ranbousman Rekipasyon lan.</p> <p>Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York (<b>NYC Free Tax Prep</b>) nan paj 5 lan.</p> <p>Ou pral gen bezwen:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Fòm 1040</b> oswa <b>Fòm 1040-SR</b> lan pou mande Kredi Ranbousman Rekipasyon lan.</li> <li>• <b>Avi 1444, Peman pou Aktivite Ekonomik:</b> Sa a montre ki kantite lajan ou te resevwa nan yon peman pandan ane 2020 an. Montan sa a obligatwa pou kalkile tout Kredi Ranbousman Rekipasyon ou kapab kalifye pou li.</li> </ul>	<p>Wi</p> <p>Itilize zouti a pou kontwole estati peman ou an.</p>

**LEJANN:** RRB: Komisyon Konsèy Chemennfè (Railroad Retirement Board)  
SSA: Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration)

SSI: Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income)  
VA: Konpansasyon ak avantaj Pansyon pou Veteran yo

Kontinye >

## Resous ak Èd Gratis

### Sant Otonomi Finansyè Vil New York yo:

Ou kapab jwenn konsèy finansye gratis nan telefòn. Ale vizite [nyc.gov/TalkMoney](https://nyc.gov/TalkMoney) oswa rele nan 311 pou pran yon randevou. Kolabore ansanm ak konseye ou an pou louvri yon kont labank kidonk y ap ka fè depo dirèk pou ou; jere chanjman ki gen nan bidjè oswa revni fanmi ou; kontakte founisè kredi yo ak plis toujou. Konseye ou an kapab ede w louvri yon Kont SafeStart Vil New York (verifye anba la a).

### NYC Free Tax Prep:

Vizite [nyc.gov/taxprep](https://nyc.gov/taxprep) oswa rele nan 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou voye taks ou ale gratis gras ak èd w ap jwenn nan men yon ajan volontè IRS VITA/TCE ki sètifye. Gen èd ki disponib an pèsonn, tankou sèvis depo, oswa anliy (preparasyon taks vityèl; èd pou prepare taks ou poukont ou anliy).

**NYC Free Tax Prep kapab ede w mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou resevwa peman estimilis lan. Ou dwe ranpli li avan 15 avril 2021.**

Pou w kapab kalifye pou NYC Free Tax Prep, ou dwe:

- Touche mwens pase \$68,000 (fanmi) oswa \$48,000 (yon grenn moun)

Pou w ka itilize sèvis anliy yo, ou dwe genyen:

- Aksè nan yon òdinatè, tablèt, oswa telefòn entèlijan
- Koneksyon entènèt estab
- Voye tèks oswa imèl (pou prepare taks ou poukont ou anliy)
- Kapasite pou telechaje lojisyèl videyo konferans ki gen sekirite (pou preparasyon taks vityèl)

### Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection):

Ale vizite [nyc.gov/safestart](https://nyc.gov/safestart) pou jwenn plis enfòmasyon konsènan opsyon labank ak lòt resous yo, tankou:

- **Kont SafeStart Vil New York**  
Ou kapab louvri yon kont nan youn nan bank ak koperativ ki gen Kont SafeStart Vil New York, yon kont epay debaz ki gen sekirite epi ki gen avantaj.
- **IDNYC:**  
Ou kapab louvri yon kont nan yon etablisman ki pran IDNYC antanke yon fòm idantifikasyon prensipal.

- **Bank On**  
Ou kapab louvri yon kont anliy Bank On sètifye.
- **Fè Plis ak Lajan Ou an Lis Konsèy**

[Louvri Yon Kont Chèk](#)

[Konprann kijan Kat Prepeye yo fonksyone](#)

### AccessNYC:

Ale vizite [access.nyc.gov/coronavirus-covid-19-updates](https://access.nyc.gov/coronavirus-covid-19-updates) pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Ajans Vil yo, tankou lojman, manje, COVID-19 egzamen ak biwo vaksinasyon, enfòmasyon sou avantaj yo, lekòl ak sèvis gadri, ak plis toujou.

### IRS:

IRS p ap bay fo chèk, ak yon montan ki pa pè, apresya pou li mande w rele nan yon nimewo oswa pou verifeye enfòmasyon ou anliy pou ka pran lajan kach lan. Fè atansyon ak taktik pirat kouran sa a epi ak lòt ankò.

Vizite [IRS.gov/coronavirus](https://irs.gov/coronavirus). Klike sou [Tax Scams/Consumer Alerts](#).